This document is part of The Vaynakh Vault archive
You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

the vaynakh vault

84(2Рос
Чеч/
А-96



Раиса Ахматова

# ДИКАЛЛА

84(2Рос
=Чеч)
А-95

Раиса Ахмарова



# ДИКАЛЛА

Стихаш, поэмаш

Нохч-ГӀалгӀайн
книжни издательство
Грозный — 19[illegible]5

с. Ведено
Центральная районная

С (Чеч.)
А95

Раиса Солтмурадовна Ахматован книжкаш кIезиг ца евлла ара. Амма церан мехалалла дукхалло ца юсту, и юстург — гIараяьллачу нохчийн поэтессин кхолларалехь къегина гуш йолу адамалла ю, ткъа иштта заманан керл-керла аматаш цуша карош хилар а, церан гIоьнца цо юкъараллица адамийн йолу хиэда йиш йоцу зIенаш лехар а, цуна уьш, тайп-тайпанчу поэтически васташка ерзош, билгалъяха хаар а ду.

Ирсечу тахан енах а, къаьмнийн вежараллех а, шайн Советски мехкан буьззина дай хилла дIахIиттинчу къинхьегамхойн гIуллакхех а йолу шен сирла ойланаш йовзуьйтур ю Р. Ахматовас хIара книжка йоьшучунна.

А $\frac{0743-045}{М135(03)-75}$ 36—75

© Чечено-Ингушское книжное издательство, 1975.



11660с

# СТИХАШ

11990

* * *

Со — урд ду аьхна,
хIу таса спхло.
ДIадехь аш дика хIу —
хьекъар ду ялта.
Амма аш дIатасахь,
гIовттур ю яраш,
Цхьанна а ца оьшу
баI хьекъа тарло.
Безамна,
диканна,
даим ю кийча,
Амма яц вонах а
цкъа а со една...
Тешаме доттагIий —
сатийсар, чIагIо,
МостагIша хийла а
ю со ягийна.

Лаьтта тIехь дерриг а,
адмаш, вайх дозу,
Цхьа зама ю вайна
массарна кхаьчнарг.
ХIора стаг гойла-кха
шен ирсе кхаьчна,
Комаьрша доькъийла
ирс шайлахь цаха!

* * *

Iаламат хала ду
Соь кхаьчна дакъа:
Ламанхой-зударех
Дийца сан деза.
Денна а сихло со
Сайн белхан стол тIе,
Сатоссуш аренга
Ахархо санна.

Йинжарийн декхарах
Цкъа а со ер яц —
Шайн деган ойланаш
Тешний сох цара.
Хан йогIу, ларор яц,
Мотталуш суна,
БIе кхоллам цхьаъ бина,
Дош ала говза.

Цхьаъ яц ткъа стигал а
Массарна вайна?
Цхьаъ бац ткъа и малх а
Массарна лепаш?
ХIора а йоьлху вайх,
Iаьткъьича бала.
ХIора а елало,
Хазахетар хилча.

Массарна беза-кха
Хьомен мохк вайна,
Массарна деза-кха
Аганан илли...
Пондар цкъа караэцча—
Озабе доггах.
Декийта пиллигаш,
Ца кхоош пIелгаш.

Стогалла — ма оьшу
И бIаьхочунна,
Иштта и оьшуш ю
Илланчина а.
Цо дехьа, стогалла,
Наггахь гIелъелча,
Цхьа кхоллам массеран
Кхоллам беш, гайта.

Нагахь ницкъ кхачийна,
Порасиз йисахь,
Нижаршка кхойкхур ю,
Цо дийр ду цара.
Церан ницкъ — сан ницкъ бу.
Цундела теша —
Юьсур яц цхьалха со
Дахаран новкъахь.

## Лийрдоцург

Iожаллех лоций вай сов кIезиг дуьйцу,
Дуй-техьа иза вай цунах сов кхерар?
Адамаш, шуна дан ца хууш хIун ду?
Коьртаниг — хуушдерг дан ницкъ шун кхачар.

Дание а нийса дац вай, муьтIахь хуьлий,
Къеналла тIеэцар, шел а деш дегнаш.
Нийса дац, къеналла ялхош, вай теIар,
Десачу дешнашна тIехьа вай лечкъар.

Шу хьежна нахарша нэтIадеш латта,
БIаьллашна кIелхьара гIиттаеш йовхо.
Хьовсал шу, трактор а ю халла йогIуш,
Шена тIе автолан хьацар а тоьхна.

Мел сутар молу цо хьогалла яйа
Даьржина мела хи, адамо санна.
Халахета вайна и, ширъелла, йоьхча,
Халахета, накъостах ваьш къаьсташ санна.

Амма яц машен а йовш цхьа лар йоцуш —
Ялташ ду хIорд санна — лийрдоцург цкъа а.
Ткъа, трактор лелийнарг — тарлуш дуй вицван,
Йовр юй ткъа цуьнан лар, дуьне мел деха?

Сихло вай памятник хIоттаян керла,
Иза а хир ду-кха лар ярна кхерар.

Амма дац цу бронзин хьекъал я кхетам,
Йовхо яц, куьйгачкахь яц я аьхналла.

Йоккхае, бешахь дитт жхиинча айхьа,
Халахета, Iад ийса йон хадош байча.
Гергарниг дIаваьлча, ца лаьа теша,
И ийла ойланаш луш хьайх херъян.

Адамо яьстина къайленаш хийла,
Амма вай ца девлла девзина дахар,
Делахь а цхьаъ хаьа: лийрдоцург цкьа а
Адаман хьекъал ду, ду цуьнан гIуллакх.

Хан йисьеш, дегнашца, компасца санна,
Ваьш юха йизошдерг хададеш, тоьхна,
Хьалхахьа доьлху вай, синтем биицбелла,
Космосе вай хьалхар — дац иза эрна.

Хаддаза айса сн ойла а хета
Лийрйоцчу адаман ойланийн хьаса.
Лазам а, бохам а сайна тIеоьцу,
Дийна со йолуш бен хаалун боцу.

И дахар чууьйзу ас къаьхьа, мерза,
Минотийн сихалла ма-хуьллу лоьцу.
Лаац-кха къобалдан, со мархалъелла,
Стиглара сирла малх кхин гур бац, бохург!

...ХIан-хIа! Со ехаш ю суо яле дуьйна,
Хьехарчу цIергахь со йохлуш а Iийна,
Ткъес тоьхча, моьттина, стигал тIейоьлху,
Урчакх а хьийзийна, техкийна ага.

Дуьххьара аьчган нох тусучохь хилла,
Дуьххьара бениг а деттина айса...
Сох лай ян лачкъийна яьхьна а Iийна,
БIешераш ламазан деш а ас текхна.

Хьекъале летопись язйина ехха,
Миноташ дешнашка ерзаян гIерташ.
Цкъа мацах, Коперникана а санна,
Монахо шен паьIалт кхайкхийна суна.

Ткъа хIара, уллера... Хилларг хIинцца!
Диц ца деш, дагахь ас латто и деза:
Дог кура, коммунист санна, со Iуьллу,
Фашистан даьидарго чахчийна, йоьжна.

Дуьненчу ца еъна со хьаша хилла,
Шераш сайн дагардо, тIегIанаш санна.
Юьхь йоцу дIадахнарг — сан ду и дерриг,
ТIехиндерг — Iожалла и ас дIалур дац!

Iемина вай «тIаьхье» сих-сиха ала,
Олу вай — «цхьа чкъор ду», олу вай — «оьмар».
ДогIучу хичохь цхьа тIадам ца къаьста,
Иштта ву цхьа стаг а, ша цхьаъ схьалаьцча.

Амма ву хIора стаг шен новкъа вогIуш,
ХIораннан шен ойла, шен аз ду, болар.
ХIораннан кийрахь а, ялтин кан санна,
Кхуьуш ду хиндерг, тIаьхье а керла.

Халахеташ, олу вай «хеназа кхелхи...»
Хеза схьа гонаха кхин керла аьзнаш.
ХIораннан декхар ду шен некъ чекхбаккха,
Шена ган, шен куьйга чекхдаккха гIуллакх.

Адаман хьекъалан яц йист я чаккхе,
Чаккхе яц дуьненчохь цо бечу некъан...
Вай дан ца кхиънарг бераша дийр ду.
Вайн тIаьхье яц тIаккха вайл гена гIоп ерг?!

* * *

ХIан-хIа, хир яц со сапаргIат,
Синтем а суна карор бац.
Кхин керла лакхе яккха гIерташ,
Со лаьмнийн новкъа оьхур ю.

Кхачор бац и некъ сан цкъа а,
Со, некъ кIордийна, соцур яц...
Ткъа, генахь суна гуш ю нехан
ХIусамехь йогу керла цIе.

Атта некъаш ас ца хоьржу,
Халонашна леткъац со.
Генна хьалхахь, сирла йогуш,
ЦIеро суна шен ницкъ ло.

*
* *

ХIан-хIа, хьуна тIе ца йогIу,
Ца дуьллу куьг хьан белшаш тIе!
ХIан-хIа, дуьйцур дац ас хьоьга
Хьежар сайн хьоьга,
ДегIар ла.
Цхьа дешнаш ду —
Сан ден дайша
Шайн дегнийн къайле юьйцуш хилла.
И дешнаш дац
Туьгуш совца,
Тарлац уьш дерзо клетки чу.
И дешнаш ду тIема лелла,
ХIинца а ара гIерташ ду.
Ас уьш къуьйлу,
Со кIадъелла...
ХIун хир суна, уьш сеццийча,—
Толам я эшам—муьлха хир?

*
* *

Хуур дац, кхолламо
хIун кечдо вайна:
Забарна санна, цкъа
совгIат до цо.
Ткъа, юха ахь, хIинццалц
гулдинарг дерриг
Лаххьадой дIадоккхий,
дог дохадо.

Сан мел дерг дIаэца —
эшац и суна:
Беха некъ бу хьалха —
и ду сан хьал!
Амма хьоь, хIай кхоллам,
ду сан цхьа дехар:
Адамийн харцонах
ларъелахь со!

* * *

ХIуъа дича
Тигац цунах кхета,
Мел доккха ду
Декхар суна тIехь...
Наггахь вай тIедуьллий
Оьцу безам,
ТIаккха дицло
Декхар дIадала.
Къа ца хьоьгуш,
Цхьана ханна олий,
Юхалург вай
Оьцу ойла а.
Ирс а оьцу,
Оьцу зезагаш а,
Амма декхар
Хенахь дIа ца ло.
Кху дуьненчу
Вайн девлчахьана,
Денна дIалуш,
Вайн вай кхачадо,
Амма эххар,
Кхачош, вай чекхдевлча,—
Мел сийлахь стаг
Хиларх башхал дац,—
Дахарна вай
Дуьсу декхарийлахь,
И вайн декхар
Цкъа а кхачош дац.

* *
*

Лаьара хуьлийла
Сайх хIордан тулгIи,
Амма тем хууш яц
ХIордан тулгIенаш.

КIайн марха хилий сох?
Амма мархаш а
Даиман хилац-кха
КIайн, хIинца санна.

ХIун дер ткъа, иштташ
Кхаьчна-кх дог суна—
Дуьненчохь кхин синтем
Карор бац цуьнна.

*
* *

Диц-м ца делла хьуна
　　　　　　　　　　вшчу мехкан
Стиглахь кхозуш хилла
　　　　　　　　　　седарчий?
Жимма хьалакховдахь,
　　　　　　　　　　бодашкара
Іоккхур ю ахь
　　　　　　　　　　юьзна хорха схьа...

Боданашкахь
　　　　　　　　　　аьрха и хиш декар,
Церан халчу некъийн
　　　　　　　　　　сихалла;
Ткъа вайн лаьмнаш,
　　　　　　　　　　шайна тІехь ша лепаш,
Лаьтта, курра кортош
　　　　　　　　　　айбина!

Некъийн даккъаш
　　　　　　　　　　мархашлахь дІалечкъа—
Кхойкху цара
　　　　　　　　　　вайга лакхалле!
Бецо буьйцу
　　　　　　　　　　мотт бу вайна кхеташ.
Буьйсанан лер
　　　　　　　　　　тарло берзачух.

Хьомс Даймохк,
и хьан исбальхьалла —
Хьан кхоьллина,
стенца юстур и?
ХIора стаг ву кхузахь
седа санна,
Йина латта,
деган безам сан.

с. Ведено
Центральная районная
библиотека 2234

## Нене

Цхьа сингаттам баьлча,
хилча хазахетар,
ЙогIур ю хьо йолча —
ахь дIакхайкха со.
Со йоьлуш — хьо ела,
елхахь — сан догъэца,
Ларъе къаьхьчу балех,
хьехар суна деш.

Дахаран цу цIергахь
тоъал со а яьгна,
ХIетте а ю дуьне
хазахеташ со,
Ислора, тIам бойна
олхазар а санна,
Со южуш а, хьамма
гIоттура хьала.

Ахь до суна хьехарш,
ларлуш хила, бохуш,
Даиман сагатдеш,
ларио хийла со.
Пийна мохк: хьо — нана, —
шу юкх сан гIортораш —
Шуьпинех а ялла
лелалур юй со?

Ас сайн халчу хенахь
лайнарш дин ца делла,
Гина, буьйса къагош,
кхетта шовзткъа малх,
Дахар — и ду дахар, —
нисло дагахь доццург,
Текъамаш яц безаш,
кхаьрда дозаллех.

Лор яц хьо, делахь а —
дарба деш, ахь хийла
Когаш тIе хIоттий со,
дагна гIора луш.
Ахь ницкъ а лой, майра
йолий гена ара,
Буьрса дарц а эшош,
бора ас сайн некъ.

БIаьрса хьан артделла,
эшна дегIан гIора,
Къежьелла месаш го
кортали кIелахь.
КъинтIера а ялий,
доьху хьоьга, нана,
Дарбане куьйгашна
баккхийта цкъа барт!

* * *

Дапман уьш
дагахь лаьтта суна,
Сан бераллин
бIаьргаш сирла бу.
Араяьлча —
лулахь хилла лаьмнаш —
ХIинца а сайна
гуш ду, моттало.
Шераш оьху.
ХIан-хIа, эшац суна
Я кхин кхоллам,
я кхин тайна ирс.
Лаьа суна
йиша лаьмнаш талла,
Жа ган дежаш
лаьмнийн басешкахь.
Чахчарш чуоьгу,
еш шайн гIовгIа,
Де чекхдолуш
лаьмнийн некха тIехь
Дохк дIадуьжу.
Лекхчу бердашца
Шира бIаьвнаш —
лаьтта деш шайн ха.
Туьйра санна,

хазло деррш Іалам
Лаьмнашкахь бІаьрг
боьллуш Іуьйрено.
Малхбалера стигал
ерриг цІийлуш,
Стиглахь сирла
седарчий дІадовш,
Лаьмнийн басех
йодий нийсса хьала,
Ас цхьа седа,
кхоллам санна сайн,
Схьалоцура —
хила ниттта сирла,
Хила, седа
санна, эсала.
Зама йоьду,
ткъа, лаьмнаш дац къанлуш,
Уьш мелхо а
шарна къоналуш ду.
ЙогІу кхуза,
церан аз а хезий,
Со кест-кеста,
тоха цаьрга бІаьрг.
Йиша латта,
дагна хьоме лаьмнаш,
Шу гар суна
доккха совгІат ду.

* * *

Маьлхан нур даьржича стиглахь,
Шийла кIац йожаеш арахь,
Ойлане гира вайн латта,
Генара планета санна.

Стиглахь со лелара меллаш,
Хьоьшура ас мархийн баьрзнаш.
Ткъа хьомен вайн латта гора —
Хетара и сийна седа.

ХIора гIулч шеращца юстуш,
ПогIура со мархаш хьоьшуш,
Зезаг тIехь санна, пал туьйсуш:
Йоьрзур ю, йоьрзур яц
кхузара цIехьа?

Ткъа, лерехь хезара суна:
— КIадъеллий?
ГIо оьший хьуна?
Хетарехь, генара сан тIаьхье
Ю иза, ас хIиццe лоруш...

## Іаьминйн мохк

ХІун ала деза ас? —
Безамо дуьзна дог.
Іаьминйн мохк, Карели,
Ахь йийсар йина со.

Гергара ю суна
Хьан шира хазалла:
Хьан луьста и хьаннаш,
Хьан сийна аренаш.

ХІун ала деза ас? —
Безамо дуьзна дог.
Со муха Іийна-те
ХІинццалц хьо ца евзаш?

* * *

БIаьстенна тIера схьа
доладуш ду
Дуьненчохь мел дерг а,
бералла санна.
ХIинцца бен даша а
ца доьлла луо,
Амма го жима кIант
шен «кема» хоьцуш.

ХIай кема!
Бералла эцний хьо гIо,
БIаьстенан Iовращца
хIорда тIе кхача.
БIаьсте ю тIекхаьчнарг,
амма стом бу
Адамца кхуьуш берг
гуьйренан денна...

*
*   *

Кубанан лаьтта тIехь
сатасар гIаьтти.
Баьццара духар
тIедуьйхина аре
Къагийна зIаьнарша.
КIордадац суна
КIоргачу сийналлин
бIаьрахьоьжуш латта.
Сан махкахь —
ламанаш лаьттачохь буьрса,
Седарчий кхозучохь,
хорханаш сана,
ГIенаха гур ю-кха
суна хьан аре,
Сирлачу хиша ен
машарен гIовгIа.
ХIай Кубань,
хьешана комаьрша латта,
Хьох къаста ца лаарх,
сан яха деза.
Ткъа хьо, хьан хазалла,
гергара хилла,
Лелар ю, йиш ца ен,
со лаьмнийн махкахь.

## Лермонтови дара ткъей ворхI шо

ДIайоьду зама, вайна ца гуш,
Iа хуьйцуш, йогIу аьхке тIе.
Ткъа, Лермонтови дара ткъей ворхI шо
Iожална хьалха латтташ и.

Пушкинан коша тIехь вилхинера,
И вийнарш стихца чахчабеш...
Ткъа оццу куьйго ша а вийна,
Зуламхо цхьаъ ву, духар — кхин.

Дахар вайн дийриг деха, доца —
Иза вайн вешан карахь ду.
Лийрбоццу бIаьргашца хьоьжу курра
Хиндолче Iожал йолу стаг.

Ахь книжка полки тIера эца —
Безам, цабезам цуьнан схьа.
Ца ваьхна иза ткъей ворхI шарахь —
БIешарахь ваьхна, вехар ву.

Мартынов вайна лар шен йоцуш,
Къанваллалц ваьхна дуьнен чохь.
Ткъа, Лермонтов хIинцаъ веха
ХIора хIусамехь, и лийр вац.

Тарханаш йолча цкъа кхочур ю,
Сайн деган лаам кхочушбеш.
Лермонтовна хьур ду Россе
Кавказан латта, совгIат деш.

## Шира говзанча

Б1ешераш кегадо
вай, т1орказ санна,
Дагалоьцу хилларий
цкъа мацах хьалха:
Скифийн и аьрцнаш я
саркофаг башха,
Я зуда-паччахьан
исбаьхьа корта.

ЭхI, Нефертити!
ХIинца а ю дийна.
Ицкъ болчийн даиман
хилла-кха аьтто.
Ширачу говзанчех
хIунда дац дош а,
Сацкъарах хьан сибат
кхоьллинчу башха?
ХIинца а саттийнчохь
севцна и балдаш,
Чениг ю хIинца а
айиичохь буьйр ден.
Б1ешерех чекхъяьлла
фараонна кхаьчна,
Цкъа, шира говзанча
вайна, ца вевзаш.

* * *

Бохура, хIара шо лаьхьанан ду,
Амма цу хабарех ца теша со.
Ца теша, зезагаш кхуьуш ду, аьлча,
ГIорадан, тIедеъча и буьрса Iа.

Iехийта къийгаш а, сардамаш доьхуш,
Ткъа, суна-м го сайна къежа и ирс.
Сан даго — наггахь цо хьехахь а бохам,
Дахаро шен некъ бо, гуо боху лаьтто.

И билгалонаш ю кхоьллина наха,
Шаьш шайна кхерамаш хIунда туьйсу?
Ткъа, пхьегIа йоьхча, вай «ирсана» олу,
Сатийсар адамна дац цкъа а хийра.

Бохам тIебеача, гIан дагалоцу,
Я новкъахь гина стаг бехке ван сихло
Масане хилла уьш, и «билгалонаш»,
Декъазчу йижарийн халачу новкъахь!

ХIинца а хаало уьш вайна, амма
ДIаяьлла и буьйса, Iуьйре ю екхна.
Йижарийн яххьаш тIехь маьлхан нур догу,
Ткъа, ирс вай, кхайкхаза дарах, тIеоьцу.

*
* *

Сайн заманах со цецйнйла
Яхна зама еза ган.
ТӀаккхий бен сайн зама лара,
Цуьнан сий дан хуур дац.

Латтах дечган нох а туьйсуш,
ГӀенах трактор яра гур.
Шноранца сайн дин а лоьллуш,
Лоьхур яра машен ас.

ЦӀестан кӀудал эцна хитӀа
Йоьдуш сарахь шовдан тӀе,
Хезар дара крана чуьра
ОхьаӀенаш долу хи.

Стиглахь куьйра гича сайна,
Котам-кӀорнеш тергалдеш,
Стиглахь техкарг кема хеташ,
Хьоьжур яра цуьнга со.

Тахана-ма «ТУ» тӀехь йоьду
Новосибирск-гӀала со.
Ойла хьаьлда сан есалле,
Хьаьлда генна — седан тӀе.

Хиндерг — суна дац и хууш,
Книгаш тIехь беп хезна дац...
Амма ас дан дезаш хийла
ГIуллакх хилларх теша со.

Ас цкъа маьлхан поидар биир бу,
Седа ас сайн латор бу.
Лерина со хьоьжу хьалха,
ТкъолгIа бIешо тIехьа ду.

Сайн заманах со цецъюьйлу,
Лаац цупах къаста дIа.
Хиндолчуьра цуьнга хьоьжуш,
Заманах цецъюьйлу сайн.

*
* *

Тийна Іохку лайн аренаш,
ОьгІазе мох хехкало.
Сеш а хьаьвдда, хІаваъ этІош,
Шайн кадечу когаш тІехь.

Лай тІехь маса хьаьвдда нарташ,
Лайн шерачу арех дІа.
Нохчийн туьйранийн и наьрташ —
Кхузаъ кхаьчна хир бу уьш!

Лаьмнаш дитна, гІур ю лела
БІаьста патар детІаш со...
И поморащ хета суна
Хилла наьртийн гергара.

## Ламанан хи

Алахьа, хьан белла
оццул ницкъ хьуна —
Мел идарх ца кIадлуш,
бер санна, ловзу.
Хин тулгIийн шабаршца
сан лерехь дека
Сайн дагчохь лекхалу
Даймехкан илли.

И ду сан боврбоццу
безаман илли,
Мукъам бу и ненан —
хьомсе бер хьоьстуш.
Ткъа, хьуна-м хезаш яц
ас хьайх ен ойла,
Хьан тулгIеш тIехула
полларчий догу.

Хьо стенга сихделла?
Мичара догIу?
Я берийн сур гина,
хьо ловзадаьлла?
Я цхьаьнга кхаъ баккха
сихделла-техьа?
Я орца доьхуш, хьо
уьду-те иштта?

Елар со, хьо санна,
кхин къаьллур йоцуш,
Хийла некъ бийр бар-кха
къоналлин шовкъехь.
Дависарг, мел лайнарш,
догIа а тоьхна,
ДIадахна, хи санна,
гIайгIанаш хьаъалц!

Гергара ду вайшиъ—
кхоллам цхьаъ хилла,
Леткъаш яц хьоьга со,
амма йиш хилча, —
Лаьар-кха, хьан тIадам
сайх хилла, гIатта—
Хьогалло лаьцначун
кийра сайх Iабо!

* * *

Дерриг а далур ду:
Хьулйнйр ю гIайгIа.
Халахетар лачкъо а
Кхочур бу ницкъ.
ХIан-хIа, со йоьлхур яц
Дог лазорах а,
Хьоьгара гIо сайна
Ас доьхур дац.

Дерриг а далур ду:
БIаьрхиш дIадаьхна,
Къона йоI санна, со
Елалур ю.
Денна а хийцалуш,
Ца евззарг хьуна,
Сайн повкъа дог кура
Лелар ю со.

Веза а хуур ду,
БIаьстенца санна,
Хиларх а арахь и
Къежделла Iа.
БIаьстенца заздоккху
Боллан дитт санна,
Сайн повкъахь, къонъелла,
Лелар ю со.

Дерриг а далур ду!
Луьйр яц со харц а
Амма ма алалахь,
Лаьмнаш дита, —
Суо йина лаьмнаш сан
Дицдан ницкъ бац...

* * *

Заздаьлла. Амма стом ца латийна.
Чекхъяьлла буьйса, дацахь а де.
Цу кошан экъанах со кхоьруш ю,
Дерриг чекхдолу доза ду и.

Де дийне а долуш, дӀаоьху хан,
ДӀаоьху зама, бацбеш вайн некъ,
Сайн новкъахь даим а ларъеш нийсо,
ЙогӀу со, хастам серлонна беш.

Декъала хуьлда-кха и вай йоккху хан,
Юха бан йишйоцу вайн боца некъ.
ГӀуллакхаш, сайн сирла ойланаш ас,
Хьоме мохк, хьуна, йоккхаеш, ло.

* * *

Хьо жима синтар ду,
Цхьа буткъа сара,
Зоьртала наж хила
Лууш хьайх чIогIа.
Хьун хьокхуш болчаьрга,
Наж санна, хьуо а
Хададайта а хьо
Хир дара реза.
Амма уьш, тIехбовлий,
Хьо ца гуш санна,
ДIабоьлху, хьо дуьтий.
Керла наж хадо.
Ткъа, буьрса дарц даьлча,
Хьо, мохехь сеттий,
Лаьтта тIе дIатевжа,
Юха а нисло.
Ткъа, наж шек боцуш,
Ша болччохь лаьтта.
ХьагI карзахйолий,
Ножана леткъар ахь
ДIадоладо:
Наж чIогIа кура бу,
Бу кIоршаме а.
Ирча а бу иза —
Стомма, лекха...
Амма хьун хьокхушверг,
Хьуна тIехволий,
Юха а ножана
Воьдура тIе.

* * *

Йовха ю.
Хала ду садаӀа товнехь.
Амма ас садетта,
Ца леткъаш цунна...
Генарчу тайгехь-ма
Хьаьвхера дитташ,
Къар ца луш, данман
Серлонга кхийда.

*
* *

Лела со ойланехь
Юькъачу хьуьнчохь.
Букъах схьадеттало,
Со лазош, генаш,
Амма и генаш ас
Теттича дӀаса,
Гур бара къона бутт
Ӏома чохь луьйчуш.

Сан сийна доттагӀа,
Хьун, со-м ю кхеташ:
Ца оьшу хьуна сан
Сирла и бӀаьрхиш.
Ткъа хьуна оьшуриг —
Ӏуьйренан малхехь
Дато тхи лепар ду
Сийначу бай тӀехь.

ХӀай диттийн даиман
Деха и хьекъал...
Атта дац шух Ӏама,
Шун метта хӀотта.
ЦӀеххьана лекха пои
Сайх хилла, хӀоьтти,
Ца кхуьуш хиллачун
Ойла ян, кхета.

Гонаха эсала
Зезагаш техка,
Маьлхан и зIаьнарш а
Ловзу сан юьхьа тIехь
Орамаш латтах ду,
Ду уьш сов кIоргехь,
Дуьненан хазалла
Ю цара кхобуш.

* * *

Данман а хуьлда сийлахь
Дикалла...
Ас ца боху дерригенна
геч а деш,
Доллучунна бӀаьрзе хила
веза стаг.
Ас юьйцуш ерг
ю маргӀалан дикалла,
Генна доьлхуш долчу
некъийн дикалла,
Вайн кхерч бохбеш
йогучу цӀеран дикалла,
Хин тӀадаман,
баьпган юьхкан дикалла.
Амма дикалла а
наггахь Ӏаржлойла,
Стигал сапна,
оьгӀазъяхча, ткъес тоха:
Вонал тола
оьгӀазло а оьшуш ю,
Дикалла а тӀамна
кийча хуьлийла —
ТӀаккхий бен цо
зулам духа тухур дац!

*
* *

Сацахьа жимма, хIай зама,
Сих ца луш, хьажийтар доьху.
Сайн некъе, хIинццалц схьабиничу,
Дуьненчу со яьлчахьана.

ТIулгаша лазийна когаш,
ХьаьжтIехь — со гIелъелла хьацар.
Амма ах бен некъ ца бина...
Зама, хьо ма сиха йоьду!

ХIун дийр ду, сихло хьо, зама,
Башха бу некъ соьга кхаьчнарг.
Дола до стага кхолламна,
Шен некъан тIоьрмигна санна.

Керла некъ — ду цуьна совгIат,
Шелваларх новкъахь я вохваларх...
Ткъа, гу тIе ваьллачо ма вицве
Халачу новкъахь гIо лаьцнарг.

ХIан-хIа, со хьийзаш ца лелла,
Нийса некъ бина ас гена.
Нанас цкъа новкъа со яьккхина,
Ткъа, хIинца кIант вогIу соьца!

## Сибирь

Сибирь, хьайн йистйоцу шорто ло суна,
Бакъ хилла туьйранаш ахь суна ло.
ДӀахьур ду уьш сайца ас лаьмнийн махка,
Ламанийн Іаннашна хьан шуьйре луш.

Пон бац со хІоккхузахь гІаш дегош латта,
Хьан тайги юккъехь суо хеташ ю дакх.
Сийналлех бузахьа сан бІаьргаш хІиица,
БІаьрхиш сан хилийта ахь сирла тхи.

ГІургІезех таръелла кІайн мархаш стиглахь,
Хетало, юьссур ю хІинца тхов тІе..
Езнера, Сибирь, хьо йолуш со генахь,
Ткъа хІинца бІозза а сов еза хьо.

Лууш ю меллаша и мархаш санна,
Нека деш, лаккхара бІаьргтоха хьоь.
Иртыша чохь лепа седарчий ган цкъа,
Ииц кхин ца ялийта гІенах а хьо.

Лууш ю данман некъ беш ас хьалха
Хьан шуьйре, хьан шорто бІаьргашна ган.
ДІо даькхнаш лаьтташ го, бустамаш санна,
Самотлор, сийначу хьан бердашца...

Сибирь, хьайн йистйоцу шорто ло суна,
Ткъа, лакхе лаьмнаша хьуна лур ю!

* * *

И куьйгаш цуьнан,
декъа гIаш санна,
Хетало, гуьйренан
мохо уьш хьур ду.
Го цуьнан бIаьргаш чохь
гуьйренан стигла —
Кхоьлина,
малх боцуш,
кIоргалла яйна.
Кьизалла,
эсалла —
шиъ а ю хийра,
И цIе ю тоххарехь
яьгна чекхъяьлла.
Со хIинца кхийти —
хан-зама хилла
Хьаьжча гуш,
сов еза айа и воьлча...

## Атлант

Ахь бохуш:
— ЭгӀазчу хьоьга
Лалур яц йозалла лаьттан.
Хиллехь и Атланташ сов оьшуш,
ДӀаяьлла церан и зама.
Ма къора хилла хьо!
Хьуна
Ца хеза меллаша аьлларг.
Малоичаш даиман хилла
Аьрзнаш деш, дахарна леткъаш.
Дуьненчохь хьаьлхича йовха
ЦӀийн Ӏовраш,
Я цхьа уп деъча,
ОьгӀазло я безам боцчу
Хьуна ца девзина
БӀаьрхиш...
Ширачу книгашна тӀера
Цкъа мацах яздинарш лехьош,
Харцонах дуьззина дара
Хьан багах мел долу дош а.
ЭгӀаза елахь а, супа
Ӏемина вон, дикий къасто,
Заманан йохалла Атлантал
Лекха а,
Нуьйкъал а кхиъна
Адамаш — цаьрца ю со а.
Сан кийрахь екаш ю хьуна

Гомеран и гекзаметраш,
Тем боцуш, хьийзаш ву хьуна
Данте а, Шекспир а дагчохь.
Тешамо ло тIемаш суна,
Деккхаро кхойкху дIа гена.
Белшашна хаало стиглан
Позалла — ас и лов хьуна.
Атлантана санна, дац суна
Атта и, амма со лаьтта.
Вайн нохчийн гуьлманда санна,
Хьерча сан дегIах и мархаш,
Ницкъ кхочур бацара лан и —
Нагахь со елхьара цхьалха.
Амма со адамашца еха,
Хьомечу махкана ецаш,
Цундела и еза стигла
Сацо ницкъ кхочур бу, теша,
ХIокху сан эгIазчу куьйгийн.

## Майраллина ода

Иза сов майра ву.
Иза ву шен ницкъах теша,
Жухаргах тарвелла,
Лекхачу берда йистехь
И хелхавуьйлуш го,
Массарел ирсе ша хеташ.

Иза сов майра ву.
Иза ву хаарех шен теша,
Кхечу газеташ тӀехь
Ша вуьйцуш хилар а хиъна,
Массарел ирсе ша хеташ.

Иза сов майра ву.
ТӀам тӀехь и гӀертар вац тӀехьа,
Атаке гӀур ву и,
Параде ша воьдуш санна,
Вала а кийча ву,
СовгӀатийн, сийлаллин дуьхьа.

Амма и пагахь...
Берда тӀехь озалуш вайна,
Нах, цуьнга ца хьовсуш,
ДӀаболхахь, цуша букъ берзош,
И, хелхар дитина,
Шерачу новкъа дӀагӀур ву.

Амма и нагахь...
Эшахь и, мостагІчух летча,
Нагахь шел хьекъална
Тоьлларг кхин каравахь цуьна,
ТІаккха а хир вац и
ГІайгІанна воьжна Іаш тийна.
Шел тоьлларг хеставан
ХІуттур ву, эхь доцуш, тІаккха.

Амма ткъа нагахь...
ТІом бича совгІат, сий
Хир доций дІахиъча шена,
Лечкъар ву и говза
Лоьраша еллачу справкашна тІехьа.

Маржа яІ, майралла!
Ас хьуна сайн илли олу,
Амма хьо ништтачохь
Макхъелла ма гойла цкъа а!

* * *

Хьан бlаьргаш — шалго тоьпах терра,
Хьуьйсура, кхерам туьйсуш, схьа.
Ткъа гонах дара тийна, деса,
Бацара гуш некъ, дацара цlа.

Бохура: «Тlейола улло суна,
lалашо нийса лоцур ас...»
Минаш йоьхкина аре ца гуш,
Йоглура, шек а йоцуш, со.

Беламен цхьа дош а аьлла,
Чов суна ян кечвелла хьо.
Схьаала, хlунда лаьтта тийна?
Схьаала хьайн и дlаьвшен дош.

Карор ю суна и хьан «минаш»,
Юха ца йоьрзуш, дlаглур ю.
Куьг хадийна, цlий далахь а,
Тергал ас дийр дац, йоьлхур яц.

Суна хьажийна дlаьвшен дешнаш
Суна ца кхеташ дуьсур ду.
Дац цара суна дан кхин зен а,
Шайн эрна глоргlа яккхар бен.

Со гӀур ю, курра айбеш корта,
Хьожур яц хьоьга юха со.
Дохийна хьан чӀагӀонан пенаш,
Меллаш со гӀур ю новкъа дӀа.

ХӀуммаъ дац хилархь со гӀелъелла
Генарчу некъийн хало ловш,
ХӀинца а йисна хийла чӀагӀо
Схьаяккха езаш новкъахь сан.

## Махкахо

*(М. Эсамбаевна)*

Юха а тӀараш ду
Дуьнено детташ.
Махьмудан хелхарина
Детташ ду уьш.
Ткъа цунна-м ойланехь
Нохчийчоь хӀуьтту,
Даймехкан сийна ло
Я тӀараш цо.

Париж Ӏа хьаьжжинчохь,
Цецъяьлла, тийна,
Нью-Йоркан стиглахь го
Цеонан цӀе.
Ткъа ахь, цу сцени тӀехь
ТӀам кхарстош шуьйра,
Аьрзунах тарвелла,
Хьайн хелхар до.

Хьан некъаш, дуьненан
Карта раз хедош,
Уьду дӀа. Массарна
Хаьа хьан мотт.
Искусствон турпалхо,
Массанхьа девза
Хьан хьуьнар, хьох лаьцна
Доху иллеш.

Хьомечу лаьмнашна
Сагатдеш лелла,
Юха а веана
Кхаьчча хьо цIа.
Даггара баккхийбеш,
Дуьхьал а бовлий,
Везаш тIеоьцу хьо
Махкахоша.

Дукха ду хьан дийца,
Амма ладоьгIу —
Лергана аьхна бу
Хьайн ненан мотт.
Лаьмнаш ду шовкъе цIе
Латийнарг даг чу...
Хьомечу халкъана
Дехар вай ду.

## Ереван

ХIан-хIа, наб кхетар яц
тховса а суна.
Нижнчу кху гIалин
спитем ца бохош,
Юха а буьйсанан
урамаш гездан
ГIур ю со, сайн накъост —
седа а эцна.

Ереван, хIинца сох
хилла хьан йиййсар.
Баркалла ойланаш
гIовтторна коьртехь,
Безаман гIайгIанаш,
къастаран бала —
Къаьхьачун, мерзачун
чам бовзийтарна.

Баркалла — декарна
хьан хиш сан лерехь,
Тиййналлин шабарша
хьестарна ойла,
Яхарехь кхул тIаьхьа
мел гур долчунна,
Ахь хIинца деллачу,
лур долчу дешнашна.

Сан хьоме Ереван,
хьо ю сан дагчохь:
Хьан хIинца денъелла
шира легендаш,
Нуьцкъалчу куьйгаца,
заманех чекхлелхаш,
Хьаьдда дин сацийна
Давид — хьан турпал.
Яхлолахь буьйса!
Минот—сан кхоллам!
Цецъяьлла хьоьжу со:
яьржинчу арахь —
Нуьцкъала Ереван,
айелла, гIаьттина, —
Стигланан тхевнна шех
гIортор а хилла.

* * *

*Гамзатов Расулана.*

Комаьрша и къолам хьан белла хьуна?
Хетало, аьрзунан совгIат ду, олий.
Амма цу башхачу гIургIезан болар.
Ахь дечу йозанан хотIехь го суна.

ГIаргIулех гIаьттина илли хьан лаккха,
Дерриге вайн латта — хьан стол ю белхан.
АьхкентIехь ло къега и баххьаш санна,
Дахаро къежбина хьекъале корта.

Оркестрах таръелла догцIена лира,
Дуьненан массо аз шена чуоьзна,—
Адаман доккхадер, цуьнгара бала.

Къоламо къарздаза кехат ду хьалха...
Дешархо санна, со йоьду и волча—
Цадаса юьртара поэт, сан доттагI.

## Дин-Горбунок

Туьйранаш ду
Ершови махкахь лелаш,

Бераллин некъ
тесна коган кIел.
Горбунокна
тоьхна хилларг санна,
Стиглахь гуш ду
беттан дато лан.

Ах некъ бина
яьлла суо, ца моьтту,
Дерриг духа

доло деза-те?..
Нохчийн эвлахь
кхиъна йолу йоI—со
Яьккхи оьрсийн
туьйрано сов цец.

Сан Нохчийчохь
хилла говраш башха,
Амма езна
хийла бIешо хан —
Царна юкъахь
лаьмнийн басахь бежаш

Дин-Горбунок
суна бІаьрга ган.

Говза хилла
Ершов туьйра дийца,
Комаьрша а
хилла совгІат дан.
Цо и башха
туьйра делла суна,
Со Іамийта
ойла кхочушъян.
Цебаьхьчу цу
туьйранан некъ хилла,

Заманийх
чекхбуьйлуш, беха дІа.
Массо къам а,
хазахетар кховдош,
Гергаоза
кхаьчна цуьнан ницкъ.

ДагайогІу
мацахлера суьйре:
Эвлахь хеза
Орга еш шен гІар.
Цанас суна
дуьйцу Ершови туьйра —
Буьйцу суна
оьрсийн башха мотт.

## Эвлахь

Юха а сирлачу
Хьан урамех со
ГIогIу, хьох йоккхаеш,
Сан хьоме эвла,
Юха а гениара
Хезаш ду суна
Дог хьоьстуш дека и
Аганан илли.

Дененан бевза и
Мукъам бу хезаш.
Йоккха стаг яц хIинца
Дуьненчохь дийна.
Бераллин догцIена
Сан сийна доттагI —
Йоп лаьтта, цхьа техкаш,
ДIо эвла йистехь.

Со йинчу дийнахь дас
Безамна доьгIна
Акхтарг а ирхдахна,
Мархашка кхаьчна.
Ткъа, эвла, сан эвла—
Мел чIогIа кхиъна,
Ца йовззал хазъелла,
Сибат хьайн хуьйцуш!

Дагара ца йолу
Цхьа буьйса суна.
Буьрса ткъес деттара
Нур лепаш стиглахь.
Шовданаш, гӀар яйна,
Хетара тийна.
Буц, кхоьруш, йижина
Ийнера латтах.

Карзахаяьллачу
Хьуьнo шен генаш
Лестадо, моьттура,
Къехкабеш бода,
Олхазарш, баннаш шайн
ДӀатуьйсий, ловчкъа
Сихлора коьллашлахь,
ДогӀанах кхоьруш.

Денана лелара
Со лоьхуш, хьаьдда,
Дулахой гӀовттабой,
Орца а дохуш.
Масане хуьлура
Ниттанин жимчохь,
Масане лийлира
Лаьмнашкахь кхерстаи.

Инзаре туьйранаш
Денанас дуьйцуш,
Наб йоцуш йоьдура
Хийла а буьйса.
Масане, ойланехь
Турпал сайх хуьлий,
Дуьненан йисте со
Йоьдура лела...

Цул тlаьхьа дlаяхна
Дуккха а зама,
Цул тlаьхьа дуьненчохь
Хийцамаш хилла.
Ткъа, со а, со а яц
Хlетахь суо хилларг.
Сан эвла, соьцанна
Хьо хийцаелла.

Тахана со юха
Хьо йолча еъна
Хи йисте хьаьдда со,
Жима йоl хилла.
Хетало деррит а
Хlетахь а санна.
Моттало, хезаш ду
Дешнаш илли.

Сан эвла, сирлачу
Хьан урамехь со
Йоlу схьа юха а,
Бераллехь санна.
Юха а генара
Хеза, дог хьоьстуш,
Бераллин лийрдоцу
Аганан илли...

*
* *

Мархаша стиглахь до нека,
Сих-сиха хийцалуш суьртахь,
Ииттта бу цу мархийн кхоллам —
Даиман лела уьш кхерсташ.

Лаьмнашна тIехула текхаш,
Хададо хийла дукъ цара.
Iалур яц: дог тIема даьлла,
ГIоттур ю, уьш санна, тIома.

Беркатен догIанца латта
Iабадан йоьлху шайн новкъа.
Хьоьжу уьш лакхара даим,
БIаьрга гуш вайн хьоме латта.

Дависарг, яйн марха хилла,
Даймехкан арешка яржа!

*
* *

Волахьа!
Хьо воцчохь Іалуш яц со.
Волахьа!
Цхьажимма дог сан ахь хьаста.
Со харцлеп лууш яц,
Ткъа лаахь хьуна,
Кийча ю харцлен а,
Кийча ю, теша.
Харцдерг а тІеоьцур хьан дуьхьа ас.

Массара юьйцу и
Куралла. Суна
Эшац и,
Ас цунах дан хІума дац.
Массо а ву суна
Хьехар дан кийча...
Ца оьшу — тохийта суна тІе ткъес!
Тийналла оьшуш яц
Музейшна бен.

НеІ цІийза.
ЦІийза сан коган кІел луо а,
Мокхачу стиглара схьакъеда бутт а..
Цкъа хабар дийца со
Хуьлу сов тІера,

Ткъа цкъацкъа дош ала
Ца кхочу ницкъ.

Дов дехьа ахь суна,
Хаста а е со...
Хууш яц, хьоьга ас
ХӀун деха деза,
Делахь а, лаац-кха
Дан хьоьга дехар...
Бераллехь ловзар а
Карла ма долу.

Ахь бехке ма е со,
Ас айса йийр ю.
Ас сайна бийр бу и
Бан беза бекхам.
Дика а ма делахь —
Ца оьшу суна.
Ас хьоьга кхин доьху:
Волахьа цкъа!
Волахьа,
Цхьажимма дог сан ахь хьаста.

*
* *

Кхеташ дара, дара дерриг атта,
Амма хIинца шеко кхоллало.
Бераллин и ловзар чекх а даьлла,
Хьан и велакъажар къегира.

Аьрха зударий муха къарбан беза?
Хазчу дешан ницкъах кхийтира:
Со Iемира хьуна атта гечдан,
Даггара хьо сайна везарна.

Ткъа денош-ма уьдура дIа чехка,
Хьан лаамна хIусам муьтIахь еш.
Хаа ца луш, денна кхерчахь гIеллуш,
Сан ирсан цIе яйра эххар дIа.

Цул тIаьхьа дIанхна шераш хийла,
ЦIеххьана со меттаеара,
Сайн куралла юхаъ даг тIе тесна,
Хьалха санна яха Iемира.

Гиснра со сайн кхолламца цхьалха,
Хенал хьалха кхаьчна шийла Iа.
Ма цхьа яра хIетахь, хьоьца йолуш!
ХIинца суо ю. Амма цхьалха яц.

* * *

Кехаташ ас лардо мацахлера,
Конверташ а тоххарехь мажделла.
Ткъа, жоп яздан дагмна хьеелла,
Дарцо лар дIашарьеш, и дIадаьлла.

Уьш деша со наггахь бен ца хIутту,
Ойла хIинца кхечу куьцехь хьийза.
Соьца вац хьо. Амма ву дуьненчохь,
Хьалха хилларг хIинца хьо вацахь а.

Хаац суна, хIинца муха веха,
Хьан сибат а — догIу и дицделла.
Кехаташ тIехь хIетахь ахь далхийнарг—
Хилла харц и. ХIинца бен дацахь а.

ОьгIазло ас хьул ца йина дагчохь, —
Кхечу гIуллакххех йо ойланаш а.
ХIинца, веъна, неI сан ахь тохахь а,
Гарлуш дара суна хьо ца вовза.

Хийра стаг хьо, лар а хьан ца йисна
Я сан дагчохь, я сан хIусамехь а.
Бакъду, наггахь кехаташка хьоьжу,
Альбома тIехь сурташка а санна.

*
* *

Ас муха гойтур ду-техьа
Хьан сибат, хьан сирла амат?
Стихийн ницкъ кхочур буй-техьа
Хьан бӀаьргийн кӀоргалла гайта?

Сайн куьйгийн гуо ас дӀабосту,
Хьоьжу со, ца кхеташ, хьоьга:
Гина-те и юьхь кхечарна,
Хьежна-те хоьга, со санна?

Хууш яц, дуй-те и иштта,
Я суна лаьа-те теша?
Кхечара, ца хеташ бӀаьрла,
Хьо тергал ца ван а тарло.

Дуьйцур ас вайшиннах лаьцна,
Вайшинна бен хууш доцчух:
Нагахь дог хӀусам вай ларахь,
ХӀусамда хьо ву-кха тӀаккха!

## Йицъе со

Ма билла бехк суна
Хьажарна лерана, —
Ницкъ бац сан бен доцуш
ТІехъяла ирсана.

Ма билла бехк суна,
Ас хийла лехнариг—
Безаммий, тешаммий—
Цуьнгахь и карийна.

Хьо соьга ма хьежа,
Дашмна йицъе со...

*
* *

Нехан мухь —
и базлац хьан белшашна,
Нехан гІайгІа —
дагна лазам бац.
Ма ларамза,
ма хьайх тоам бина—
Хьаькхи ахь сан
кхолламна тІе сиз!

«ХІуммаъ доцург!
Йоьлхунд шена иза! —
КІордийна-кха
лаьмнийн и суьрташ»...
Ткъа, хьуна-ха
даций хуур цкъа а,
БІаьвнаш тІехьа
малх бузар хІун ду.

Бода боьсси,
мох а хІиица тийна.
Хи ду уьдуш,
шен шабарш а деш.
Жимчу эвлахь
мехкарий, пал туьйсуш,
Шайна седарчий а
къестош, Іа.

Хьо бехке вен! яц со —
хьох ца теша.
Харцо керла яц —
сатухур ду.
Амма цу сайн эшамех
ас хIинца
Хьуна цхьа а
цкъа а дIалур бац.

* * *

Массо а хIуманан
ю шен-шен зама.
Шен-шен бу хIора а
хIуманан мах.
Ткъа, дийцал, ахь мичахь,
мел мах схьаэцна,
Доьхкира хьайх тешна
нехан дог дIа?

Тешнабехк бина хьо
муха лов латто?
Ткъес муха ца тоьхна,
ца лекъна хиш?
Сийначу стиглара,
массарна санна,
Хьуна а къежа-те
цур сирла малх?!

Гечдийр ду хьуна-м:
ду вай цхьа адамаш.
Кхул тIаьхьа хьоьга и
ас хьахор дац.
Ткъа, дагна... цунна-м
и дицлур дац цкъа а —
Цунна ахь дIалур бу
буьззина мах.

Стенна и делахь а,
даим а вайна
Заздаьлла бIаьсте го
безамна уллохь.
Ткъа, суна-м йиц ца ло
кхоьлина Iуьйре,
Мокхачу мархаша
хьулйина стигла.

Олхазарш дацара
хезаш — дIадахна,
Суьйранна беттаса
ца гора стиглахь.
ХIан-хIа, йиц ца елла,
и яра гуьйре —
НеI тоьхна, со йолча
беача безам.

Кхечира безам, дог
йийсаре лоцуш.
Хебарш сан юьхь тIера
шардира чехка.
Тишъелла пальто тIехь
со йолча кхаьчна,
Кхолламо кховдийра
сирла ирс соьга.

* * *

КIоргачу гIу чу со хьаьжча —
Iаьржа гуо бен, хIума гац.
Хьан даг чу мел дукха хьежарх —
Цу чохь гуш хIумма а дац.

* * *

НеIсагIи тIехь лаьтта
хIинца а со:
Ма-линьи неI а ас
чIогIур ю сайн.
Тkъа, безам,
кхерийна олхазар санна,
Мохь аьлла, гIоттур бу,
гоьхна шен тIам.

Буьйсанан бодано
хьулдина дерриг.
ДIаоьху, бIешерийн
чот а еш, хан.
Детталун сан дог
ца хеза-те цунна?
Ша ларвен со ца го?
ВогIур вац-те?

ДIавахна —
сан деган ах а яйина,
Хийла сагатдира
ца вогIуш и.
Дахаро генарчу
новкъа дIайоьхуш,
Юха а кхийдадо
шен куьйгаш соь.

Юха а безамо
хеза неI еттащ —
Меттиг бац сан цунах
едда яха.
Дезар ду юха а
сагатдан хийла,
Юха а хьоьжур ю
цуьнан бIаьра.

* * *

Хетара — дIаяхча,
вицлур ву сайна,
Тешара —
чим хир бу безамах вайн,
ХIинца вай генахь ду,
хIетте а суна
Вицлац хьо,
хIуп дер ас, со хууш яц.

Амма со Iемар ю
хьо вицван, теша.
Эккхор бу даг чуьра
хьоь безам ас,
БIаьргаш а сан хир бац
даим хьо лоьхуш,
Я хьуна сагатдеш,
боьлхур бац уьш.

Лелар ву хьо тIаккха
ма-луъу хьайна,
Новкъарло йийр яц ас,
дехарш хьоь деш,
Амма синтем карор
буй-техьа суна?
Ас муха суо ларъян
еза-те хьох?

* * *

Дукха лерна бехк ма билла суна,
Сан хабаро хьуна хало йийр яц.
Со безамо дог дагийна лела,
Гечде, тарлахь, лечкъалац и соьга.

ГІенах санна, куьг сан тІе ца кхочу,
Я хьоьгара хезаш дац цхьа дош а.
Хьо дІалела, суна тІех а вуьйлуш,
Амма со хьайн даг чохь лелаелахь.

Сан хьомениг, хьох ма хьакхалойла
Цкъа а гІайгІа, ойланаш хьан гІелъеш,
Хан яхъелла цкъа а ма хьийзийла,
ХІора сахьт я хІора минот лоьруш.



# ПОЭМАШ

## Олхазар

*Социалистически Къинхьегамач Турпалхочунна, НГIАССР-н Лакхарчу Советан депутатана Кагерманов Олхазарна.*

### Дешхьалхе

Некъаш ду дорцера дорце,
Деноп ду, лам санна, ирх.
Мел аьрха ницкъ боллу хьоьгахь,
Олхазар, сан махкахо.

Халачу ирсан агIонаш
Дахарехь хирцина ахь...
Олхазар... Олхазар олу
Вайн маттахь аьрзунах а.

Берчаш тIехь ду белхан куьйгаш,
Дика накъост, хьекъале дош.
Эрна дац махкахь а вевзаш
Хьо хилар, тхан Олхазар.

Хьадалча ву и кху лаьттан,
Кху лаьттан бакъ да а ву.
Цундела ду и комаьрша,
Къайле шен йиллина дIа.

Лararца йоккху цIе наха,
СовгIаташ — коьртаниг дац.

Куралла цо йийриг мехкан
Гражданин ша хилар ду.

Седарчий къегаш го стиглахь,
Некха тӀехь кхин седа бу...
Олхазар, ойла еш ялтийн,
Даиман гӀаьттина ву.

## ЦӀе

ХӀай нана, ага ахь техкош,
ХӀун ойла йира-те ахь?
Корах чу хезара зевне
Олхазарш, лоькхуш шайн йиш.

ДӀаяхна генна исторе
Халонаш лайна и хан.
Дезар дац цхьанна а ваца
Хьан кӀентан — тешна ю хьо.

Кху юьртан Советан тхов тӀехь
ЦӀен байракх, малх санна, го...
МостагӀа зуламна гӀаттахь,
Воккхур ву ахь повкъа кӀант.

Атта дац кхиабан кӀентий...
Аганан гӀожа тӀе тийжаш,
Набарза буьйсанаш ларъеш,
КӀант ахь ца кхиийна тӀамна.

КӀоргачу стиглгахь деш иека,
Аьрзуно даржийна тӀемаш.
Кху латтан зӀаьнараш санна,
ГӀевттина ирх ялтийн кенаш.

Нуьцкъалчу наьртех шайн нлли
Декош ду зевне и мерзаш.
Ткъа, ненан ойланехь къеги
КІентан цІе — «Олхазар», — аьлла.

## Халхара урок

Жима ву кІант, аре — шуьйра,
ТІеман ялта лаьтта чудерзош.
Сов оза делахь а хьелий,
Берашна шура а еза.

Денна а воьду кІант гена,
Стерчий а лохкий, уьш дажо.
Уьш хІинца оьшуш ду чІогІа—
Болатан деза нох текхо.

Дависарг, танк елахьара—
ГІур вара и тІеман цІерга!
Амма исс шо ду сов кІезиг
Салтичун духар тІедуха.

Бералла дицлуш дац вайна,
Ткъа хІетахь хала и дара.
ТІеман цу Іаьнан шелонехь
Хеназа кхуьура бераш.

Эткаш ца совцура когахь,
Шелоно дахьийна куьйгаш.
Сов хала яра цу арахь
Охана дан Іамон урок.

ХІордаш тІехь дуьне ца таллархь,
Ойланехь сов дукха гора.
Жима кІант, стерчашца охуш,
Дахаран чам бовза Іема.

## Суй

КIанта къийсам дIа ца хьора
Генна хIордан тулгIеш тIехь...
Комбайнеран вара гIоьнча,
Штурвал шена муьтIахь еш.

Ялтин кхоллам цунах теший—
Ледар хила бакъо яц.
Керла эцна куй — и байна,
Нанас хIинца дийр ду дов.

Дуьйцур хир ду лулахоша:
«Эшац балха теIо бер».
Нанас, юхаъ карзахъяьлла,
Эр ду: «Кхин ког боккхур бац!»

ХIай нана, хьайн юьхьа тIера
Цатешар дIадаккхахьа,
Комбайнеран гIоьнчина ахь
Хьарчае дIа баьпкан юьхк.

Сов кегий шаьш долуш дуьйна
ГIертара къайленаш тIе...
Хьан кIанта, капитана санна,
Коммунизме юьгу комбайн.

Иштта ю-кха цуьнан и амал—
Дог, хьуьнар балхана ло.
«Калинин» колхозехь кIентан
Массара йоккху цIе — «Суй!»

Шен ойла кхочушъян Iемаш,
Къар ца луш, схьавогIу и.
Кхерстар бу, йоккха цIе хилла,
Цу кIентан дагчуьра суй.

## Латта

Олуш ду вайн — нана-латта...
Амма и оьгIаз а доьду.
Есалла шех хуьлий хIутту,
ТIаккха сов хьекъадо асар.

Мох хьокху, къора а туху—
Iаламан амал ю аьрха.
Амма ша хьаьстича, лаьтто
Комаьрша ло беркат вайна.

Дуьненчохь дерриг а хир ду
Хьекъалний, лаамний муьтIахь.
Латта, шен бер санна, хьоьстуш,
Кхиадо кIа бригадира.

Кхаа китан букъа тIехь латтац
Планета — адамаш санна,
Лела и, хаддаза хьийзаш,
Къинхьегам бу и латториг....

Ма хазло Нохчийчоь бIаьста!
Iаламо бIаьргаш сан хьоьсту.
И кхин а хаздеш, къахьоьгу
ДоттагIчо беркатчу арахь.

Зезагаш — Iуьйренан тхилахь,
Хьозарчий, даккхийдеш, дека.
ГIойтIарчу совхозан адамех
Олхазара, дозал деш, дуьйцу.

## Депутат

Район ю депутатах тешна,
Ткъа, цуьнан ткъей кхоъ шо ду...
Цхьаъ вогIу — «ХIусам тишъелла»,
Ткъа вукхо — «Барт боьхна тхан».

Больница ян гIо дар доьху...
Масане нисло уьш кхин!
ХIоранга ладогIа деза,
ХIоранна вевзаш ву и.

Советан могIарера салти—
ХIумма а атта и дац.
Цундела хьан цIарца сий до
Массо а депутатан ас.

Башха ду поэтийн дешнаш—
Велар а, велхар а ло.
Районан Советан депутат—
ГIулкхаш ду ахь язъен стих.

Буьйсанна наб йоцуш, хийла
Луьсту ахь дезарийн чалх.
Белхаш тIехь ду доккха декхар,
Адамийн дегнийн ву лор.

Шера дац дахаран некъаш,
Вайн кхоллам вайн карахь бу...
Лакхарчу Советехь халкъан
Депутат Олхазар ву.

## Книгаш

Цо книгийн агIонаш хоьрцуш,
Сатасар коре хIоьтти...
Лаам бу дешаре боккха,
БIаьстенца дуьйш санна хIу.

Курсера дIа институте
Беха, сов хала бу некъ,
Амма цу новкъара юьстах
И ваккха халонаш яц.

Керлачу дипломах хьаьгна
Дацара цо хьоьгу къа.
Ахархо вара агрономе
Яьккхинарг буьйсанна гӀулч.

Пушкина, Блока лой тӀемаш,
Сихлора аренга и.
Дог кхехка дахарах дуьзна,
Ойланаш — нур санна ю.

Шекспиран сонет, вайн илли —
Лерг хьостуш, ийна вовшах.
Бригадир, хьан некъ бу гена,
Лакхене хьаьдда бу и.

Попана юьххехь го дакх а —
Дерриг а сов хьоме ду.
Ву иза директор хӀинца,
Совхозан куьйгалхо ву.

## Бераш

Дан даглаьцна ду хийла,
Ткъа зама — и лаьтташ яц.
Тахана кӀант, Ӏилма Ӏамош,
Берашца шен классехь ву.

Совхозан гӀуллакххех кхиа
ГӀерташ ву хӀинцале и.
Лууш ву дахарах кхета,
Лаьа шен дена дан гӀо.

Ткъа, йоӀ ю йолуш кхин ойла—
Больницехь лор хир ю и.
Кегийнаш — царах дерг ала
ХӀинца а сов хьалхе ду.

Хало а, атто а йоькъуш,
Барт тайна доьзал ду ирс.
КІорнеш ю тІемашна чІагІлуш—
ГІовттур ю сов лакха уьш.

ТІам тоьхна, гІур ю уьш гена,
Махкана дегнаш шайн луш.
Дас бина сийлахь некъ эцна,
Бераш цул гена девр ду.

БІаьргаш чохь стигланан кІорге,
Беснеш тІехь зезагийн бос.
Къахьега Іеминчу куьйгех —
Ховхачу баьпкан хьожа.

**Нана**

ХІинца а сов жима хета
Нанна шен зоьртала кІант.
Хьалха а санна, сагатдо
Хьевелча цІа кхача и.

Газеташ тІехь цуьнан сурт гича,
Дозалла кІантах цо до.
Йоккхае кегийчу берех —
Шайн дех сов тера ду уьш.

Памятник хІоттор яц нанна...
И йолча еана со
Баркалла даггара ала —
КІант-аьрзу кхиорна цо.

Сан оьрсийн йижарий, хьалха
Нохчийчохь коьрта закон
Лорура бодане Іадат,
Зударийн йоцуш бакъо.

Советан Iедало дилли
Дуьненчу тхуна и кор.
Элн цо: «Олхазар санна,
ПаргIат ю, баржабе тIам!»

Сийлахь ду лакхене гIаттар
Хала бу сийлаллин некъ...
Iамийра цу нохчийн зудчо
ТIам тоха шен Олхазар.

Данман декийла иллеш,
Наной — уьш турпала бу.
Вай олу даггара «нана»,
Ткъа оьрсийн и «мама» ю.

## Дерзор

Партин съезд. Делегаташ юккъехь
Лоьху ас махкахо сайн...
ХIорш бу-кх уьш — кхуллуш берш дахар,
Книгаш а кхарех язйо.

Къахьоьгу вай, арахь санна,
Къолам а белхан герз ду.
Олхазарх лаьцна ас яздо,
Кхечух хьайн дош ала ахь.

Трибуна тIера дош санна,
Илли а сов оьшуш ду.
Хестор вайн кIеж туьйсу дахар
Дехийла адамийн ирс!

Турпалчу адамийн дахар,
Майралла, оьздалла, ях —
И хестош шовданаш дека,
Лаьмнаша церан сий до.

Дош ала цаьргара Iема,
Ницкъ суна цара луш бу...
Олхазар гIаьттина тIема —
Кханенга юьгу цо со.

## Дагалецамийн новкъа

*Сайн ден а, ненан а безамна.*

### Хьалхара дош

ДӀадахнарг луьсту ас, сагатдар доцуш,
Дагалоьцу терахьаш, диц ца лун долу.
Тахана сихачу дийно чулаьцна
Дерриг а хӀинццалц схьа девзинарг суна.

Соьх хьалха дуьненчохь мел хилла дерг а,
Дагахь а доцуш, кхин тӀе мел хиндерг а...
ХӀай, хьоме Даймохк, сан деза латта,
Хьан ю со, хьан йоӀ ю, ахь яха Ӏамош.

Сан некъаш — дара уьш сов аьрха, хьийзаш,
Ас дукха и дийцар тӀехдетта суна.
Амма со хууш яц, вайн лаьмнех дуьйцуш,
Дорахчу басаршца къегадан дешнаш.

Лууш ю ма-дарра, догцӀена дийца,
Дешархо, юьхьдуьхьал хӀоьттина хьуна.
Ца оьшу хьехамаш бар хеташ эрна,
ДоттагӀчо санна, ас сайн кхоллам буьйцу.

ХӀун хаьа — нислой а, цхьатера хетта,
Хьайн кхоллам сайчуьнца ахь бустуш меттиг,—
Сан дагах хьо кхетча, там хир бу суна,
Харцонах юьйцинчу стихех со кхоьру.

Дуьненчу яла со кхиале хьалха
ЧІагІбелла бІешерийн гІиллакхийн орам...
Льрзу а, шен тІемаш даржадой шуьйра,
ГІоттура мархашка, со Іамош санна.

Басешкахь хьовдура бІаьстенан хиш а,
Зевнечу эшаршна со Іамо сихлой.
Къонахий гІовттура, герз буйнахь къовлий,
Кхерам тІехІоьттинчохь ца йоха Іамош.

Со Іамайора тхан бешарчу Іожо —
Жимачу муьсталгех кхиош стом мерза.
Шен кІорнеш Іалашъеш, бенна деш дола,
Безамна со Іамо гІертара лекъ а.

Ламанийн баххьаш тІехь къегара ло а,
Комаьрша хьежарх малх, ца дешаш цкъа а,
Хиира суна а — къоьжалла, ятІахь,
Месаш тІехь даимна юьсийла лепа.

Гуьйренан стигланан кІоргера хезча
ГІаргІулийн елхар цкъа, хиира суна,
Баланийх уре а безаха бала
Хьомечу Даймахках дІакъастар буйла.

Гу тІера хьоьжу со яханчу хене,
ХІинццалц сайн яхаран агІонаш хоьрцуш,
Дешархо, даггара дуьйцуриг хьоьга
Со — нохчийн зуда ю, ахь бехк ма билла.

## Хьалхара корта

Тхан нанна кхолламо йоьІарий белла,
ШарІана-м къинхетам беца ткъа хийра.
Цундела сан нана йоккха а йийна,
Елха а йилхина со йинчу дийнахь.

Йиъ йоI ю доьзалехь — эхI, дакъазалла! —
Цхьа а кIант ца вели аллахIа цунна.
Ткъа, ненан юьхьа тIехь гIайгIанан билгало —
Хебарийн диъ сиз ду, даимна дижна.

Дагахь а ца хилла биъ безам кхиъна,
Чаккхе а шайн йоцу йиъ еза гIайгIа.
Ткъа, нана, ахь цуьнга схьакхайкххахь,
Хьодур ю цу сохьта йоьIаршна орцах.

Билггала, Iаламат хаза хьо хилла,
Дуьненчохь хьол дика адам ца девза.
Дерриг а дIаделла ахь хьайн йоьIаршна,
Дахарах комаьрша дина диъ дакъа.

Хеназа къежъяла хилла хьо реза,
ЙоьIарийн кIажараш хилийта Iаьржа.
Хилла хьо къеналла тIеэца реза,
ЙоьIарий бIаьрхишка хьайн къан ца байта.

Хабарна хан кхоо реза хьо хилла,
Тхоьга, аз айъинна, къамел дийцийта.
Хьайн яхар ахь тхуна схьаделла, нана,
Кено шен буьртигна лун мутта санна.

Ойланехь ас хьоьца къамел до, нана,
Дагалецамо юьгу хиллачийн новкъа.
Кхолламо суна мел кховдийна совгIат,
Даймахках санна, и доьзна ду хьоьца.

ХIара дуьне довза со дуьххьара Iемаш,
Даиман хьийзина хьо, беш сан тергам.
Дуьненчохь, нана, хьо мел еха дийна,
Яра со бер санна, хилча а йоккха.

Нана, хьан ховхачу тIема кIел дехха
Iийра тхо, ца хууш дезарийн гIайгIа...
Амма ахь коша дIадаьхьи бералла,
ХIинца со йисина хьан метта лела.

ГIайгIано саттийнчохь цIоцкъамаш дисна,
Хебарийн сизаш а къаьста сан юьхьа тIехь.
ХIинца ас, сайн тIема кIел лоьцуш, ларво,
ХIетахь ахь тхо санна, кIант, цхьаъ бен воцу.

Кхо йиша хилла Iац — миллион йиша,
Даймахко тахана схьаелла суна.
Со йинчу ламанийн мехкарий оьзда,
ПаргIато, сий а шайн цара сов лардо.

Сан деган сатийсам, сан хилла гIенаш —
Тахана дерриг а уьш кхочушхилла.
Эрна ца хилла и, хьомсара нана,
Со йинчу цу дийнахь хьан елхар, елар.

**ШолгIа корта**

Бос бовза суо Iамар дийций ас хIинца?
Луо сов кIайн дара, ткъа, цIен гора зезаг.
Сов Iаьржа хуьлура ден белхан куьйгаш,
Суьйранна цIа веъча и сов гIелвелла.

ЭхI, маржа и куьйгаш! Ницкъ бара цаьргахь,
Амма со кара-м ца оьцура цкъа а.
Бер хьастар эхь лоруш, лардора Iадат—
Тарлорий хетийта нахана осал?!

КIорано, мазуто Iарждина куьйгаш —
Сабано, мел хьекхарх, дацара цIандеш.
Амма и Iаьржалла хетара сирла,
ДогцIена яра и, яра сов хьанал.

ЦIеран бос ларбора даиман кхерчо,
Сийна бос буьйсано хьулбора стиглахь.
Хетара, бора дин, седарчий къехкош,
Iуьйренга сихбелла бу, хьоькхуш йоргIа.

Массарел бовханиг цIен бос хиллера —
Гуьйренан дийнахь цкъа байраккхах леттарг.
Дикка хан яьлла ас, массо бос иэбеш,
Дешнашца тир йохуш, кехаташ къарздеш.

Ас оьрсийн элнашца нохчийн дош кхуллу,
Гуш, хезаш, схьахIуьттий, могIнашка дуьйшу.
Ас курра гIулч йоху, дахарца иислуш,
Кхаьчна соь бакъо а хила суо ирсе...

Хуьлура наггахь ден аз кIоршаме а,
Къамел а тхоьца цо дора сов кIезиг.
Дацара атта вайн пондарца Iамо
«Интернационалан» керла мукъам.

Зама вай карчийна, хийцинчу хенахь,
Керлачу дахаран хIиттаеш гIишлош,
Хира дадина, ялхо а воцуш,
Белхало — дахаран бакъ да ша вуйла.

Сатасар гIаьттира сан дадин дагчохь,
БIешерийн Iадат а диццина, эсал
Хьаькхира сан коьртах куьг цо, со хьостуш:
ЙоI я кIант — хIун башха ду дена бераш?

Екхначу юьхьа тIехь суна ирс гора,
Массо а бос бара, нур хилла, лепаш.
Тарлора пуьцкъалчу турпалах дада,
Туьйранехь бийцина наьрташ а санна.

Цул тlаьхьа хийла а зама дlаяьлла,
Амма со йоккхае, хlетахь а санна.
Цlен бос ас курра схьакъастабо сайна,
Зезагца, байракхца, довхачу дагца.

### Кхоалгlа корта

Юрт йоккха яцара. Седарчаш уллохь
Погура лулахойн кхерчара цlе.
Чегlардигийн баннех тарлора цlенош —
Ламанийн басенех летийна дlа.

Суна-м юрт хетара хlетахь сов йоккха,
Сов беха хетара и гlашлойн некъ.
Тогlешкахь ловзура, зезагаш лехьош,
Моьттура, тхайн юрт бен кхин дуьне дац.

Ткъа, гlалахь... Гlалахь суо хийтира йоккха
Хьоьжура гlишлошка, яханчу ирх.
Хиира вайн дуьне дуйла сов шуьйра,
Сов жима хилар а со йина юрт.

Кхолламо цул тlаьхьа идийра хийла —
Гlаланаш, ярташ а дийзира ган.
Доттагlий карийра массо а маьlIехь,
Бевзира дахаран массо а чам.

Шерех чекхъюьйлуш, со йирзира цlехьа,
Ойланех, хаарех йиийлира чекх.
Хlетахь со кхийтира, кхийтира цlенна—
Сайн долахь хиларах берриг вайн мохк.

Сайн ирс а, гlайгlа а кхеттачохь вовшах,
Цхьаьнакхетарш, къастарш а гулделча сайн,
Эххар а дахарах кхиъна со яьлча,
Бераллин лараш а карийра схьа.

Сан юрт — и, хьалха а санна, ю жима,
Седарчаш юххехь го лулахойн кхерч.
Амма со хууш ю — планета Латта
Адамашна кхолламо комаьрша делла.

Цкъа, шунаш санна, и дозанаш аьхна,
Дуьненан халкъашлахь чIагIбелча барт,
Лаьтта тIехь мел деха адамаш — ирсе
Цхьа доьзал, беррин цхьа лаьттахой хир бу.

И де тIеккхачаре сатуьйсуш, хIинца,
КIад ца луш, дахаран некъ аса бо,
Шайн ширчу баннашка олхазарш санна,
Кест-кеста йоьрзуш цIа, йина юрт ган.

Кхузахь бен гац суна бераллин гIенаш,
Хьаналчу дахаран дIадахна де —
Ас паргIат дагардо кху ненаш юккъехь,
Дас йиничу хIусаман лохчу тхов кIел.

Ша винчу бенан а пусар деш воцчо
Нехачийн дание а пусар дийр дац.
Шен деган седа дIабайнинчо атта
Бойур бу массо а седа а дIа.

Уьду со бацалахь, жима йоI санна,
Бераллин лараш а схьакарий сайн.
Нийсонан столица — и ю сан Москва,
Ткъа, деган столица — жима юрт ю.

### БоьалгIа корта

Дехачу кха тIехь деш асар,
Хьацар а Iийдалуш сайх,
Къинза со йоттура малхо,
ЗIаьнарш шен Iенаеш тIе.

Лозура кIадбелла букъ а,
Хьогалла ца керча мотт.
Амма дац къахьегар эрна —
Ловзуш го ялтийн и хIорд.

Хьацаран, бIаьрхин а санна,
Хиллера дуьра маьлхан чам...
Белхан и поэзи йовза
Колхозо Iамийра со.

ХIан-хIа, хан яцара хIетахь
Иллешна, эшаршна сан.
Амма уьш кхиаеш дагчохь,
Бекара дахаран мерз.

Амма со Iемара бовза
Хьаналчу белхан и мах.
Денна а со хийцалора,
Дахаран Iалашо гуш.

Зевнечу нIаьвлин йиш кхозу
Кхехкачу аренна тIехь...
ЦIеххьана дагахь цIе летта,
Хьаьдира эшарийн шовкъ.

ХIан-хIа, со яцара хууш
Дешнашкахь боллу и ницкъ,
Хиларх и боккха къинхьегам —
Йоцуш шен норма я хан.

Къолам — сан гота ю, чарх а —
И хийца кхин машен яц...
Амма со Iамаро арахь —
ХIинца цо суна гIо до.

Йоккхае хIетахь со Iамарх
Асар дан, Iеткъарах малх,
Iамарна десачу могIанех
Тоам беш ца саца со.

Йоккхае яттарах малхо,
Колхозо суо яхчаярх...
Карор бу хIинца а сайгахь
Стихашна къахьега ницкъ.

Лаьтто со Iамий къахьега,
Аттаниг ца хержа некъ...
Мацах сайн куьйгаш, ткъа, хIинца —
МогIанаш, дог ас цунна ло.

### ПхоьалгIа корта

Дешар сан дийзира буьйсанна Iамо —
Ма чIогIа лаьара Iаббалц ян наб.
Чолхечу дешнех и бIарлагIаш хIуьттуш
Хсьрцура, къар ца луш, агIонаш ас.

Гlелделча, дегIо а ца дора аьлларг,
Яра сов гIорасиз, жима а со.
Амма цу халонел лаам а тоьлла,
Кхийтира дуьйцучух цу книгаш тIехь.

Ткъа, маса йисна уьш кхул тIаьхьа еша,
Ткъа, маса къайлс ю таллаза ас!
Халахета, хIинца а гIелъялар эшош,
Ерриш уьш еша а йиш ца хилар.

Эъарнаш шерашкахь массо а маттахь
Iамаза йисина ламанан йоI...
Йоккхае — баккхийнаш, бераш а санна,
Дахарах цецбийла ца баларх кIад.

Яха а лур ярий, ништта ца хилча...
И нийса могIанаш хилла ца Iа. —
Цецйолу, малх бузуш, стигал цIиелча,
Цецйолу зезагийн даьржаш патар.

Накхарамозийн «жужж» — зезагийн арахь,
Шовданийн декар я дуьххьара луо...
Йоккхае дахаро суо Iамаярна
Доггах къахьегарца кхолла сайн ирс.

## ЯлхалгIа корта

Дагалецамаша со, ядийна, кхачий
Хьалхарчу сайн классе — бераш юккъе.
ХIоккхузахь хIора а урокехь керла
Къайле схьайоьллура, Iамадой эли.

Лелара со наха баьккхинчу новкъа,
ГIерташ схьакарабан сайниг а некъ.
Техникум чекхъяьлла, хьехархо хилча,
Хетара нана а цу берийн суо.

Дийзира хIетахь сан и бераш тешо —
Бакъдериг чIагIден ницкъ хиларах эли.
Декъа а, декъа йишйоцург а довза,
Кхолламна кхин кхоллам тоха а тIе.

Кегийчу философех муьлххачо цхьаммо,
Дуьненан къайленийх кхета лууш,
Хийла а соь дора сов чолхе хаттар,
Хийла жоп ца карош юьсура со.

Со хIетахь Iемира «ца хаьа» ала,
Цундела кхийтира дешархой сан
Дахаран урокаш ца хиларх атта,
Деварах къастадан харцонах бакъ.

Баьржина уьш дІаса, баккхий а хилла,
Амма ца хилла и эрна урок.
Поэтан халачу некъашкахь царна
Баркалла ала а ца йицло со.

Уьш — хІинца сан книгашъешархой хилла,
Халачу минотехь дагалоцу ас.
Сайн деган кІоргера къайленаш йоьллий,
Юхайоьрзу хьалхарчу сайн классе со.

Тамаше кхаж баьлла, кхолламо суна
Хьехархой башханиш белла хилла:
Вайн нохчийн эпос а, Лермонтов, Пушкин,
Сан хьоме дешархой, йина латта...

**ВорхІалгІа корта**

Цкъа марсайнйлина безаман цІе а,
Шеранца гІеллой, тІапъолий йов дІа...
Юкъ хуьлий шех тІаккха, дІайолу гІайгІа,
Ткъа, хазахетар — и дуьсу даг чохь.

ГІалаташ дин а деш, йолу дІа зама,
Юха а карзахе тохало дог сан.
Дерзина генаш сийначу стигла
Кхийдийта — суна гуьйре товш хета.

Сан кІанта — хІинца-ма и воккхахилла —
Воккхавеш йоху дахарехь гІулчаш.
Лаьара бІаьрга ган нуьре малх кхеташ,
Де къевкъаш, я ткъес а тухуш тІе буьрса.

Хьоменнг мел генахь хиларх а суна,
Юха а бІаьрга го, шерийх чекх хьаьжча, —
Сирлачу шовдан чохь седарчийн лийчар,
Я Теркан тулгІешкахь эзар малх лепар.

Ца яздо кехат ас, ца боу дуйнаш,
Ца юьйцу вовшеха къаьстина хан а —
Олхазарш дека и Iуьйре я суьйре, —
ТIаккха хьан и куьйгаш хаало суна.

Хьан цIе ас кхузахь хьахо ца оьшу —
Хьо — шовда санна ву, цIе яккха эшац.
Малийта хьайн аьхна цIеналла — соьга,
Карзахчу сан сина ахь синтем белла.

### БорхIаьга корта

Массо а иллеш а, гIайгIане дерш а, —
Хьекъале хетало, кицанаш санна.
Кьегина доцу сан дагарадийцар —
Iаггахь, шех исбаьхьа дош хуьлий, дека

Масане зудчун дог дохийна хилла —
БIешерех чекхйийлла и къиза харцо!
Суна а кхаьчнера оцуьнах дакъа,
Суна а девзина йоккхаер, гIайгIа.

КъорIанехь гац суна законаш ийса,
ШариIат дац соьга кхийдориг собар.
Кхин ду и, йоккхаеш, со цхьаьнакхетарг,
Кхин ду и тем боцуш хьоьжург со шега.

Декъалбо ас лазам, декъалйо гIайгIа —
Оьшу уьш лакхене боьдучу новкъахь.
Декъалдо ас хIинца сайн тилла лелар,
Декъалдо ас хала схьалехна некъаш.

Токхечу гуьйренан декхначу дийнахь,
Баркалла боху ас, сан кхоллам, хьуна.

Сан даг чохь кхуьуш ду оьрсийн кIайн даькхнаш —
Лаьтта уьш вайн нохчийн неннашна уллохь.

Баркалла, хIай кхоллам, довр доцу бакъдерг
Ахь суна делларна, карийна соьгахь,
Баркалла Iаморна ахь дахар деза —
ХIинццалц сан йижаршка ца кхаьчна дакъа.

Баркалла — бохаман, ирсан чам бевзи,
Баркалла — Iаьржа, кIайн бос къасто Iеми.
Баркалла — ахь безам ца беллехьара
Тарлорий яха со, я эшарш язъян?!

ДIадахна денош, шу, гIа санна, ида,
Нондаран мерзеха зевне шу дека.
ДогIучу денонна дагахь шу лардо,
Лардо шу, йижаршна совгIатна лоьруш.

Гуьйренан довха де, стигал ю сийна —
Чолхе ду, башха ду дахаран некъаш...
И цхьадерш вайн нохчийн маттахь ца хилла,
Ойланаш хиллехь а йижарийн даг чохь.

Сан йишех и тарло, онда гIулч йоккхуш,
Хилларг яц иза — айбина корта.
Дуьххьара язйина заметка — хIинца,
Дагчохь и то а еш, ас юха йоьшу.

Хьекъал а, дегнаш а хуьйцуш ю зама,
Журналист хилла хан эрна ца яхна.
ХIинца а йоккхаер доькъу ас хьанал
Нефть доккхуш я ялташ кхиош болчаьрца.

Ерриг а планета суна цIа хета,
Ткъа, малх — и цIе ю сан кхерчахь ша йогуш.
Говзаллин шовданаш лекъаш дац цкъа а,
И церан цIеналла — бIаьргаш чохь йогу.

## ИссалгӀа корта

Юха а гӀаланаш, шераш чекхдуьйлу,
Ца кхуьу хӀинца со чот ян а церан.
Амма ас мел дина некъаш а вовшех
Кхетийта нийсакъ кхочуш бу дагалацам.

Дуккха а къаьмнийн мотт бекачохь суна
Къаьсташ бу массарна ша бериг кхетам.
ХӀоккхузахь къонаниг кхуьий дӀахӀутту,
ХӀоккхузахь къенаниг къоналой дӀахӀутту.

Москва! Хьох дозуш ду дагна мел дезарг —
Хьан аудиторийн сов тийна чоьнаш,
Хьан сийса урамаш, зезагийн къежар,
Хьан стиглахь богу и бӀаьстенан малх а.

Хьо ю сан къоналлин, кхиаран агӀош,
Къоьжа Кремль, Мавзолей, доттагӀийн яххьаш —
Дерриг а девзаш ду, дерриг ду хьоме,
Диццала йиш йоцуш, сан дагчу дижна.

Къеначу Арбатан урамийн гечош,
Проспект Калининан — туьйранах тарло.
Адамо кхоьллинчех уре а тоьлларг —
Кхузахь го сирлачу кханенан амат.

Лечанах тӀам тоьхна, гӀаьттина лаккха,
Туьйранахь санна, со кхуза схьаккхечи —
Заманех чекхлелхаш, миска дай баьхна
ЛаппагӀа йитина — двореце Кремлан.

Кинолента санна, бӀаьрхьалха лаьтта
Хиллачийн и цкъа а диц ца лун сурташ.
Дуьненан Конгрессан делегаташ юккъехь
Вайн лаьмнийн йоӀ — суо а го суна лаьтташ.

Го суна — трибуна йолча схьайогӀуш,
Ганера цхьа зуда, байн ког а боккхуш.
Зевнечу озаца дуьненан халкъаш
Кхойкху цо гӀовттаре харцонца къовса.

Мулк Радж Ананд... и хьекъалча а Делии
Вевзира суна цу Кремлевски залехь.
Мотт бийца ца хаарх, кхийтира тхойша
Дегнаша вовшашка дийцу къамелах.

Яцахь а Іемина нах болчохь елха,
Беснеш сан ягаеш, хьаьвдира бІаьрхиш.
Сан йиша санна и американка
Хеташ, ас яьккхира цІе а — Рут, аьлла.

Накъостийн могІарехь сайн меттиг лехна,
Къийсаме хІоьтти со массаьрца ниісса...
Эххара а вайн партин съездан лакхене —
Москва схьакхачийтира со сирлачу искъо.

Куранташ ю гойтуш заманан делкъе,
Съездо шен къамел до бІешерех тахна.
Трибуна тІе яьккхи лаьмнийн йоІ халкъо,
Ткъа, и трибуна ю лекха цу лаьмнел.

Сийлахьчу гІуллакхийн тешаш вай хилла,
Гергарло довзаро ницкъ алсамбаьккхи...
Сан нохчийн меттан и къона поэзи
Ахь, кхеташ, тІеийци хьекъале Москва.

Даимна цхьаьна бу хІинца вайн кхоллам,
Хьан ницкъо хетийти суна суо онда.
Ткъа, стиглахь вайн Кремлан седарчий догу,
Догу уьш дуьненна шайн серло кхийдош.

Юха а миноташ ягаръеш, новкъа
Полу со кеманца мархашка гIоттий,
Ламанан басара зезагаш сихха,
Сайн деган совгIат деш, столице кхачо.

Сихъелла сайн иллийн декийта мерзаш,
Сихъелла со лакха сайн деган пондар.
ХIоккхузахь хазийта Органан декар,
Мархашкахь кхиъна вайн зезагаш гайта.

Халонаш лайначу халкъан даг тIера
ДIаэца, сан Москва, баркалла хIинца.
Со — хьан йоI. Хьуна ду сан ирсе елар,
Сан сирла ойланаш, сан деган лехам...

Бала сов Iиткъина вайн нохчийн латта —
Мел хийцаделла и ца девззарг хилла.
Цу лаьмнийн йоI — со ю лакхене кхаьчнарг —
Инжарийн цIарах ду сан дагардийцар.

## Дерзор

ДагадогIу суна... Гуш санна хета
ДоттагIий, сайн нана, дада а цуьнца...
ХIан-хIа, сан некъан яц дагалаца йист а,
ХIан-хIа, со ца кхаьчна суо йоьдуча а.

Со юхахьаьжча, цIеххьана сецна,
Го суна даханчу шерийн и некъаш.
Го евза аренаш, гIаланаш, ярташ...
Дерриг а сайн дахар дуьхьал схьахIуьтту.

ХIинца а хьалха дIа сихъяла еза,
ХIинца а схьахIуьтту меттигаш керла.
Амма со мелла а лерина хьоьжу
МогIаршка язъяза йолчу сайн книгийн.

Поьду со, цабевзарш бовза а лиъна,
Поьду со дешархойн дегнашка кхача.
Лаарна поэзин законаш довза,
Дахаран кlоргене кхача со йоьду.

Ца гlерта сацо со дlайоьду зама,
Дин санна, шен йоргlахь гlоид шена хьалха.
Хlора а керла де — и керла стих ю.
Хlора а керла стаг — и керла кхаъ бу.

Да ю со, лай ю со хьомечу лаьттан,
Цунах сов йоккхаеш, до ас дозалла.
Даханчух стих язъеш, хиндолчун уьрдахь,
Даггара и цlандеш, до ас сайн асар.

Хьомс халкъ, баркалла даггара хьуна —
Еларна, елхарна, хиларна ехаш.
Баркалла совгlатна даларна иллеш,
Теша, кхин лундерин хир ду сов тоьлаш.

Баркалла хиларна йиш дагалеца
Хlинццалц схьа бина некъ, бlаьрга мел дайнарш,
Халачу къийсамехь даьккхина нрс а —
И дерриг даларна — баркалла хьуна.

Шовданаш сихло-кха хих шаьш дlаккхета,
Ткъа, дешнаш — могlаршка дlахlитта сихло...
Сан стол тlехь ду яздан долоза кехат,
Ас къолам схьаоьцу сайн некъ дlаболо.

Ткъа, корехь, сатосуш, лам гучубели,
Мархашка гlаьттина аьрзу а хьийза.
Дешархо, кхул тlаьхьа вай дуьйцу дерг а —
Хир ду сан яхарах, кхолламах лаьцна...

## ЧУЛАЦАМ

### Стихаш

«Со — урд ду аьхна...» . . . . . . . 5
«Іаламат хала ду соь кхаьчна дакъа...» . . . . 6
Лийрдоцург . . . . . . . . . . 8
«ХІан-хІа, хир яц со санаргІат...» . . . . . 11
«ХІан-хІа, хьуна тІе ца йогІу...» . . . . . 12
«Хуур дац, кхолламо хІун кечдо вайна...» . . 13
«ХІуъа дича тигац цунах кхета...» . . . . . 14
«Лаьара хуьлийла...» . . . . . . . 15
«Диц-м ца делла хьуна?..» . . . . . . 16
Нене . . . . . . . . . . 18
«Данман уьш дагахь лаьтта суна...» . . . 20
«Маьлхан нур даьржича стиглахь...» . . . 22
Іаьмнийн мохк . . . . . . . . 23
«БІаьстенна тІера схьа...» . . . . . . 24
«Кубанан лаьтта тІехь...» . . . . . . 25
Лермонтовн дара ткъей ворхІ шо . . . . 26
Шира говзанча . . . . . . . . 27
«Бохура, хІара шо лаьхьанан ду...» . . . 28
«Сайн заманах со цецйийла...» . . . . . 29
«Тийна Іохку лайн аренаш...» . . . . . 31
Ламанан хи . . . . . . . . . 32
«Дерриг а далур ду...» . . . . . . . 34
«Заздаьлла. Амма стом ца латийна...» . . . 36
«Хьо жима синтар ду...» . . . . . . . 37
«Йовха ю...» . . . . . . . . . 38
«Лела со ойланехь...» . . . . . . . 39
«Данман а хуьлда сийлахь дикалла...» . . . 41

«Сацахьа жимма, хIай зама...» . . . . . 42
Сибирь . . . . . . . . . . . 43
«И куьйгаш цуьнан...» . . . . . . . 44
Атлант . . . . . . . . . . 45
Майраллина ода . . . . . . . . 47
«Хьан бIаьргаш — шалго юьпах терра...» . . . 49
Махкахо . . . . . . . . . . 51
Ереван . . . . . . . . . . 53
«Комаьрша и къолам хьан белла хьуна?..» . . . 55
Дин-Горбунок . . . . . . . . . 56
Эвлахь . . . . . . . . . . 58
«Мархаша стиглахь до нека...» . . . . . . 61
«Волахьа!..» . . . . . . . . . 62
«Кхеташ дара, дара дерриг атта...» . . . . 64
«Кехаташ ас лардо мацахлера...» . . . . . 65
«Ас муха гойтур ду-техьа?..» . . . . . 66
Ницъе со . . . . . . . . . . 67
«Нехан мухь — и базлац хьан белшашна...» . . 68
«Массо а хIуманан ю шен-шен зама...» . . . 70
«Стенна и делахь а...» . . . . . . . 71
«КIоргачу гIу чу со хьаьжча...» . . . . . 72
«НеIсагIи тIехь лаьтта...» . . . . . . . 73
«Хетара — дIаяхча...» . . . . . . . 75
«Дукха лерна бехк ма билла суна...» . . . . 76

### Поэмаш

Олхазар . . . . . . . . . . 79
Дагалецамийн повкъа . . . . . . . 89

*Раиса Солтмурадовна Ахматова*

**ДОБРОТА**

Стихи и поэмы
(на чеченском языке)

Редактор А. Осмаев
Художник А. Ясуев
Художественный редактор М. Б. Магомаев
Технический редактор А. Н. Поздняков
Корректор А. Арсамирзаева

Сдано в набор 13.I 1975 г.
Подписано к печати 11.VII 1975 г.
Формат 70x90 1/32. Бумага тип. № 1
Объем 3,37(3,95) п. л. Уч.-изд. л. 3,29
Тираж 3000. СФ00615

Чечено-Ингушское книжное издательство
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров
Чечено-Ингушской АССР,
Грозный, 21, улица Ленина, 11

Заказ № 202
Типография имени Н. Н. Заболотного
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров
Чечено-Ингушской АССР,
Грозный, улица Интернациональная, 12/33
Цена 35 коп.

Мах 35 кеп.

ДОБРОТА
(на чеченском языке)